



**MWEN
PRAN**

**Preparasyon pou Kolèj
ak Post-Segondè
Siksè!**

**Li pa janm twò
bonè yo kòmanse
reflechi sou lavni
an**

**Si elèv la nan lekòl mwayen oswa l ap antre nan lekòl mwayen, kounye a se
moman pou kòmanse panse sou avni li.**

Lavni genyen diferan sans pou diferan moun. Pou kèk elèv, li kapab vle di frekante lekòl segondè ak kolèj. Pou lòt yo, li kapab vle di frekante yon enstitisyon aprè gradyason pou aprann vin yon soudè, elektrikyen oswa lòt domèn espesyalize, oswa acheve sètifikasyon pou jwenn travay ki ofri opòtinite pou avansman. Lis la ap kontinye, men, menmsi objektif elèv la reyalize, yap bezwen èd ou pandan l ap prepare pou li pwospere aprè li fin gradye nan lekòl segondè.

Nou kwè chak fanmi kapab ede gide pitit yo avèk siksè pou yo gradye lekòl segondè ak nan edikasyon yo apre lekòl segondè ki ofri yon vwa pwofesyonèl k ap soutni yo.



Lis kontwòl sa yo la pou ede w ansanm ak elèv la kòmanse pale sou lavi aprè lekòl segondè, menm jan avèk bagay ki pral afekte chemen reyisit pwofesyonèl li.

Youn nan konvèsasyon pi enpòtan elèv la pral genyen se avèk konseye akademik lekòl la. Yo kapab ba li enfòmasyon konsènan pwogram entansif ak resevwa kredi kolèj GRATIS

Kounye a se moman pou n kòmanse poze baz pou lavni:



EKSELAN Ede elèv la travay pi byen ✓

- () Fè sèten elèv la pran klas kòrèk yo.
- () Pran tan pou ede elèv la devlope yon woutin solid pou l etidye epi pou l kenbe li.
- () Ede elèv la òganize nan itilize yon kaye ajanda oswa lòt teknik sou entènèt pou ede l rete nan bon

ANGAJE Pran tan pou vrèman pale avèk elèv la konsènan kesyon ki enpòtan ✓

- () Pale avèk elèv nou an konsènan aktivite andeyò klas la. Bay bon egzanp nan fè volontarya nan kominote pa w la.
- () Poze kesyon epi chèche konnen fanmi ak zanmi elèv la.
- () Diskite sou kòman pou fè bon chwa sou konpòtman sekirite apwopriye sou entènèt ak nan telefòn,
- () Pataje atant yo avèk pitit ou yo ansanm avèk risk sou konpòtman danjere tankou bwè tafya, izaj dwòg ak fè sèks

EKSPLORÉ Diskite sou diferan vwa pwofesyonèl ak tan li kapab pran pou soti kote w ye kounye a pou rive la. ✓

- () Enfòme w sou kòman pou antre nan Pwogram Espesyalizasyon lekòl segondè.
- () Chèche bousdetid ak mwayen pou peye kolèj.
- () Fè elèv la pran tès PSAT, SAT ak ACT ansanm avèk evalyasyon pwofesyonèl.
- () Pale sou diferan kolèj ak vwa pwofesyonèl.

Nou swete ou jwenn etap sa yo itil ak yon bon kote pou fè elèv ou a kòmanse panse osijè avni pa l.

Kolèj AKSESIB!



Achieve Palm Beach County ★ **Asire Aksè ak Siksè nan Kolèj**

Adapte dapre "Oregon Goes To College"